

Kamhuka Kasina Guse

Little Animal Without Fur

The traditional Shona story that I have chosen to represent a “proto Joseph Story” is the story *Kamhuka Kasina Guse* (Little Animal without Fur) which could also be named *Nherera neMhondoro* (The orphan and the lions). The story was told to me by the late Dr. Herbert Katedza. I first knew Dr. Katedza when he was a secondary student at Hartzell High School at Old Mutare Mission in 1954. I was then teaching in the Teacher Training school at the same mission. The next time I was with him was at Nyadiri Mission where we were both teaching in the Teacher Training School, 1971-1975. He later was appointed the deputy headmaster of the school. In 1975 he received a scholarship for an MA in English literature at Emory University. When he completed the M.A. he continued at Emory in the Theological School completing the M.Div. and later completed the Dr.Ed. at Georgia State University. When he returned to the newly independent Zimbabwe in 1980 he was appointed as the ambassador to Japan and later served as an ambassador to Italy. When he retired from Zimbabwe’s diplomatic service he became a United Methodist pastor. He died after an extended illness while serving as a pastor.

Dr. Katedza told me the story *Kamhuka Kasina Guse* when he was still working on his MA in English literature at Emory. As part of his studies he took classes in Anglo-Saxon and became fascinated with Anglo-Saxon literature, especially with the epic of Beowulf. He wondered if there was any Shona oral literature that could be characterized as “epic.” The story that came to his mind was *Kamhuka Kasina Guse* because it was a story that followed the life of its hero from that of a small boy until he became an old man. I recorded the story as he told it in traditional fashion to his children. The children responded with the expected Shona response of *dzepfunde*.

The story was important to me because it included an important theme of the Biblical story of Joseph. It was the story of a boy who had been mistreated and sent away from home. Eventually he became an important chief and the people from the country that had once rejected him, now moved to live under his chieftainship. His original tormenters now became his happy

subjects and there was thus something of a final reconciliation.

Dr. Katedza pointed out an important feature of this story which increased its appropriateness as a “proto-Joseph story.” There is an undergirding religious significance to the story. The word for lion, *mhondoro*, has another meaning beyond that of naming a particular wild animal. The word is also used to refer to the *Va-teteguru*, the very ancient ancestors to whom prayers are directed in traditional Shona religion. Traditional Shona religion includes the belief in one supreme God, *Mwari*, who is the creator of mankind, *Musikavanhu*, and the one who is far above the world, *Nyadenga* (the one who dwells in heaven). But *Mwari* is too far away to be concerned with the day to day affairs of men. It is thus the practice in traditional Shona religion to address prayers in times of need to the *midzimu*, the ancestral spirits, first the immediate parents or grandparents that have died in recent times. If the difficulties faced are very serious the closer spirits are requested to pass the prayer on to more ancient spirits, even on to those whose names have been forgotten. In extreme situations the ancestral spirits are asked to pass the plea on to *Mwari* Himself.

Traditional Shona society was built around the family, the immediate family, the extended family, and the many interrelated obligations between members of the family, both the living and the “living dead.” The importance of family relations is what makes the beginning of this story so moving since the hero lost all of his family and was left as an orphan, *nherera*. When the entire community feared that he would spread the disease that was destroying the country he felt totally abandoned. In desperation he ran into the forest and it was there in his helplessness that he came upon the *mhondoro* who responded to his need as one who had suffered enough.

The story ends with the moral that the good king is the one who does not hesitate to turn to the ancestors in time of need. So also in the Joseph story it is understood that it is God that is working behind the scenes to lead Joseph from the rejected brother sold into slavery to the administrator of all Egypt and the savior of his family and his people.



- 1.Kare kare zvako, *dzefunde.*
- 2.Kwakauya denda mune imwe nyika *.dzefunde.*
- 3.Vanhu vazhinji vakawanda vakapera kufa .
dzefunde.
- 4.Zvino kwanga kune imo mhuri ine vabereki vairi
nemwana umwe chete. *dzefunde.*
- 5.Ivavo vakasvikirirwa nedenda, vakafa. *dzefunde.*

- 1.Long, long ago, *go on.*
- 2.There was an epidemic in a certain country.
go on.
- 3.Many people died. *go on.*
- 4.Now there was a family in that country with both
parents and only one child. *go on.*
- 5.The parents caught the disease and died. *go on.*

6. Vakasiya mwana wavo umwe chete asina ano-muchengeta. *dzefunde.*
7. Akange asina hanzvadzi. *dzefunde.*
8. Akange asina nemukomana. *dzefunde.*
9. Akange asina kana hama zvavo yaizomuchengeta. *dzefunde.*
10. Saka akambotorwa nevamwe vane tsitsi vachimuchengeta. *dzefunde.*
11. Kwekanguva kadiki kwakauya denda mumhuri mavo. *dzefunde.*
12. Zvino munhu akange achirwara uyu akafa. *dzefunde.*
13. Ivo vakafunga kuti chaunza denda mumhuri mavo ndechekuti vakatora nherera. *dzefunde.*
14. Saka vakataura kune nherera kuti ichienda zvayo vakange vasisina zvekudya. *dzefunde.*
15. Saka iye akatambudzwa chaizvo kuti oenda kwaani. *dzefunde.*
16. Saka aiendawo kune vamwe vana vadiki vakange vari kufudza mombe, kana waitamba achitamba navo. *dzefunde.*
17. Kana vaa kuenda kumba kwavo kundodya, iye aiteerawo achidodya navo. *dzefunde.*
18. Izvozvo zvakaitika kwekanguva kudzimarara vabereki vevana ava vaaidya navo vaona kuti zvaitika izvo vasingazvidi. *dzefunde.*
19. Saka vakataura vana vavo kuti musauya naye. *dzefunde.*
20. Vaiti, “Kana vaa kuenda kundodya iye woteera, asi ivo vaimutandanise vachiti taa kuenda kodya, chisara.” *dzefunde.*
21. Akatambudzwa chaizvo. *dzefunde.*
22. Akafunga kuti zvakanaka kuti agopota achienda achindomira pamisuwo. *dzefunde.*
23. Aifunga kuti zvimwe pane vamwe vanga muitirewo tsitsi vangamutore vachimupa zvekudya. *dzefunde.*
24. Asi nguva zhinji aidzingwa sembwa. *dzefunde.*

6. They left their only child without anyone to look after him. *go on.*
7. He had no sister. *go on.*
8. He had no brother. *go on.*
9. He had no relatives to look after him. *go on.*
10. He was taken in by a family that took pity on him and they looked after him. *go on.*
11. After a little while one of this family got the disease. *go on.*
12. The one that got sick died. *go on.*
13. They thought that he got the disease because they had taken in the orphan boy. *go on.*
14. So they told him to go away and he went without any food. *go on.*
15. So he was in a lot of trouble and did not know who to turn to for help. *go on.*
16. So he used to join with other little boys who were herding cattle or playing games and he played with them. *go on.*
17. When they went home to eat, he went home with them and ate with them. *go on.*
18. It went on like this for awhile until the children’s parents where he was eating saw what was happening and didn’t like it. *go on.*
19. So they told their children not to bring him home. *go on.*
20. They said that if he starts to follow them home just say to him, “We’re going home to eat, Goodby.” *go on.*
21. So now he was really in trouble. *go on.*
22. He thought maybe he could just go and stand at the doors. *go on.*
23. He thought maybe someone would take pity and take him in and give him food. *go on.*
24. But often he was even driven away like a dog. *go on.*

25. Iye akafunga kuti, “A! pana ambuya vaari padyo ane tsitsi chaizvo.” *dzefunde.*

26. Saka akati, “Regai ndiende pamusuwo pawo. Nindodavira kuti iye mbuya vachanditora vachindiisa mumba mavo.” *dzefunde.*

27. Izvo akasvika ipapa mbuya vakaona wakamira pamusuwo pavo. *dzefunde.*

28. Vakati, “A! nherera yauya kuno. Nhasi ndoda kumugurisa.” *dzefunde.*

29. Saka wakatora tsaya yavo nemakoko akange apara ari mumvura. *dzefunde.*

30. Vakamudira nemvura iyoyo ine makoko. *dzefunde.*

31. Akati name-name kumeso nembatya zvese. *dzefunde.*

32. Zvikamunetsa zvikuru mupfungwa make. *dzefunde.*

25. He thought to himself, “Oh! There is a grandmother nearby who is very kind.” *go on.*

26. “Let me go to her door. I believe that that grandmother will take pity on me and take me into her home.” *go on.*

27. He reached the grandmother’s place and she saw him standing at the door. *go on.*

28. She said to herself, “So the orphan boy has come here! Today I’ll show him!” *go on.*

29. So she took her cooking pot that had left-over porridge soaking in water in it. *go on.*

30. And she threw the water with the left-over porridge all over him. *go on.*

31. He was soaked, even through his clothes, and it stuck to him. *go on.*

32. This really made him feel awful! *go on.*



33. Akati, “A! Ini chandiri kutambudzika chii?

dzefunde.

34. Handina mukoma pasi pano.

dzefunde.

35. Handina hanzvadzi yokundichengeta.

dzefunde.

36. Handina hama inganditorewo ikandipinza mum-
ba.

dzefunde.

37. Inini ndava vesango inini.

dzefunde.

38. Zvakanaka kuti ndingotatarika zvangu ndienda
nemasango.

dzefunde.

39. Kana ndichinge ndaparara,

dzefunde.

40. Kana ndichine ndapona,

dzefunde.

41. Kana zvichinge zvadii,

dzefunde.

42. Zvinenge zvaitikazvo ndizvo zvakandada.”

dzefunde.

43. Akachema.

dzefunde.

44. Akasimuka achichema.

dzefunde.

45. Akafamba akananga musango.

dzefunde.

46. Iro sango raityisa kwazvo.

dzefunde.

47. Sango raizikanwa kuti rine mhuka dzesango

dzefunde.

48. Maive nenzou.

dzefunde.

49. Maive nemhofu.

dzefunde.

50. Maive nenyati.

dzefunde.

51. Maive nemafuri-wemudenga.

dzefunde.

52. Maive nemhondoro.

dzefunde.

53. Kazhinji kwazvo kudzova kwemhondoro

kwainzwika musango iroro.

dzefunde.

54. Asi iye akati, “Ndaakuenda zvangu, kana ndafa,
ndafa.

dzefunde.

55. Kusiri kufa ndekupi?”

dzefunde.

56. Saka akasimuka akaenda akatora nguva yakare-
ba kuenda ukoko.

dzefunde.

57. Usiku airara pasi pemuti.

dzefunde.

58. Masikati achimuka achifamba achienda ukoko.

dzefunde.

59. Akatora mazuva mazhinji neusiku uzhinji asati
asvika ukoko.

dzefunde.

60. Vakasvika musango ukoko.

dzefunde.

33. He said, “Oh, What’s wrong with me!

go on.

34. “I don’t have any brother here on earth!

go on.

35. “I don’t have any sister to look after me!

go on.

36. “I don’t have any relative to take me in and look
after me!

go on.

37. “I only belong to the forest!

go on.

38. “I just as well run away into the forest and get

lost!

go on.

39. “If I am killed, ...

go on.

40. “If I am saved, ...

go on.

41. “Or whatever, ...

go on.

42. “Whatever happens, that is what I want to do.”

go on.

43. He cried.

go on.

44. He got up and was crying.

go on.

45. And he went straight toward the forest.

go on.

46. This forest was very scary.

go on.

47. It was a forest known to have wild animals in it.

go on.

48. It had elephants.

go on.

49. It had elands.

go on.

50. It had buffaloes.

go on.

51. It had giraffes.

go on.

52. It had lions!

go on.

53. The roaring of lions could often be heard in this
forest.

go on.

54. But he said to himself, “I’m going! If I die, I die!

go on.

55. “Where is there no death?”

go on.

56. So he got up slowly and began his journey.

go on.

57. At night he slept under a tree.

go on.

58. In the day he got up and journeyed forward.

go on.

59. It took him many days and nights to reach that
place.

go on.

60. Finally he got into the forest.

go on.



61. Akati,”A! Ndozvandanga ndichida ndazvosvika musango ndochiparadzwa zvangu nemhuka.

dzefunde.

62. Kutambudzika kwangu kubva kwapera.”

dzefunde.

63. Saka akapinda musango umomo. *dzefunde.*

64. Akafamba kwenguva yakareba chaizvo ari mukati mesango iroro achingoenda naro. *dzefunde.*

65. A! akaona mhuka achipfuura. Tutsuro twadimbura. *dzefunde.*

66. Mhembwe dzadimburawo. *dzefunde.*

67. Dzese mhuka dzakasiyana-siyana achizviona asingadyiswe. *dzefunde.*

68 . Akaramba achienda. *dzefunde.*

69. Kuzoti mumwe musu zuva raa kusvika masikati, *dzefunde.*

70. Akati achifamba seakanzwa kuchinge kuri kutauro vanhu. *dzefunde.*

61. He said, “Oh! If I go into the forest and I am destroyed by wild animals,

go on.

62. “My troubles will be over.”

go on.

63. So he entered into the forest. *go on.*

64. He walked for a long time deep into the middle of the forest. *go on.*

65. Oh! He saw animals passing by. Little rabbits cutting across his path. *go on.*

66. Duikers also crossed his path. *go on.*

67. All sorts of animals! He saw them, but they didn’t eat him. *go on.*

68. He kept on going, *go on.*

69. Until one day, as it was getting toward afternoon, *go on.*

70. As he was walking along, he heard something like people talking. *go on.*

71. Akanzwa kunge mazwi evanhu ari kuti, “hm-hm hm-hm hm-hm hm-hm.” *dzefunde.*

72. Akati, “A! Regai ndiende uko ndindooa kuti kunei.” *dzefunde.*

73. Zvino akaenda zvake naikoko chaiko kuti kwaitaurwa. *dzefunde.*

74. Kuzoti aapadyo akanzwa kuti, “bhu-bhu bhu-bhu bhu-bhu bhu-bhu.” *dzefunde.*

75. Kunge kuombera kwemaoko evanhu. *dzefunde.*

76. Zvino iye akati, “A! Asi ndaa kusvika kuimwe nyika yevanhu. *dzefunde.*

77. A! Rega ndichifambisa ndindooa. *dzefunde.*

78. Akafambisa chaizvo moyo wake. *dzefunde.*

79. Wakaremerwa chaizvo kuti andooa kuti kunei. *dzefunde.*

80. Akafamba pamwe achiita kumhanya kuti aka-sike kusvika ukoko. *dzefunde.*

81. A! Zvino akati achingoti nyuku! *dzefunde.*

82. A! Achiona paseri pachu apo pane mumvuri mukuru. *dzefunde.*

83. Pakange pakagara zvinhu zvitsvuku zvakatererera mumvuri iwoyo. *dzefunde.*

84. Pakati pakange pane chimwe chinhu pakati ipapo. *dzefunde.*

85. Akambomira achifunga. *dzefunde.*

86. Akanzwa kuti, “hm-hm hm-hm hm-hm hm-hm.” *dzefunde.*

87. Akanzwa kuti, “bhu-bhu bhu-bhu bhu-bhu bhu-bhu.” *dzefunde.*

88. Zvino akati, “A! Chiiko ichochi? *dzefunde.*

89. Regai ndimbosebera ndione.” *dzefunde.*

90. Akasebera. *dzefunde.*

91. Akaona panotyisa zvikuru kwazvo! *dzefunde.*

92. Idzo dzaiva mhondoro! *dzefunde.*

93. Zvino zvakaona mhondoro idzodzo akati, “Ndoita sei? *dzefunde.*

94. Ndotiza here? *dzefunde.*

71. It sounded like men talking, “Hm-hm hm-hm hm-hm hm-hm.” *go on.*

72. He said to himself, “Oh! Let me go and see what it is!” *go on.*

73. So he went up close to hear what was being said. *go on.*

74. When he was up close he heard this sound, “Clap-clap-clap clap-clap-clap clap-clap.” *go on.*

75. Like people clapping their hands. *go on.*

76. So he said to himself, “Oh! Have I reached the country of another people? *go on.*

77. “Let me go and see!” *go on.*

78. His heart was beating fast with excitement! *go on.*

79. He was eager to see what was going on! *go on.*

80. He began to run to get there in a hurry! *go on.*

81. Oh! Suddenly he was there! *go on.*

82. Oh! He saw before him a large open shady place! *go on.*

83. There were reddish creatures sitting in a circle in the shade! *go on.*

84. There was one of the creatures in the middle! *go on.*

85. He stopped there in wonderment! *go on.*

86. He heard them going, “Hm-hm hm-hm hm-hm hm-hm.” *go on.*

87. He heard them going, “Clap-clap-clap clap-clap-clap clap-clap.” *go on.*

88. He said to himself, “Oh! What’s going on here! *go on.*

89. “Let me get closer and see!” *go on.*

90. He got closer. *go on.*

91. He saw something very scary! *go on.*

92. These creatures were lions! *go on.*

93. When he saw the lions, he said to himself, “What can I do? *go on.*

94. “Can I run away? *go on.*



95. Kana kuti ndoita sei?" *dzefunde.*

96. Zvino akati achifunga kudaro, A! Akaona mhondoro dzimwe dzaa kusimuka dzaa kuuya!

dzefunde.

97. Zvino akanzwa, "m m m m m m m m!" dzichi-rambidzwa. *dzefunde.*

98. Dzimwe dzikasimuka dzikada kuti nyama yasvika iyo. *dzefunde.*

99. Huru ikabva yadziti dzese, "Garai pasi!" *dzefunde.*

100. Huru yacho ndokumudaidza ikati, "Kamhuka kasina guse sebera, svika pano." *dzefunde.*

101. Ndokubva asvika zvikanzi, "A! hatidyi kanhu kakaita sewe, kanhu kadiki kaonda. *dzefunde.*

102. Ndinofunga uri kutambudzika chaizvo. Kwau-nobva uri kutambudzika iwe. *dzefunde.*

103. "Gara pasi utitaure." *dzefunde.*

95. "Or what can I do?" *go on.*

96. Just as he was wondering what to do, Oh! He saw some of the lions had gotten up and were coming toward him! *go on.*

97. He heard someone say, "M-m-m-m-m-m-m-m," stopping them. *go on.*

98. Some others got up, hoping to get some meat. *go on.*

99. But the oldest lion spoke to all of them, "Sit down." *go on.*

100. Then he called to the orphan boy and said, "Little animal without fur, come here. *go on.*

101. When he came close the old lion said, "Oh, we don't eat little things like you, something so little and thin. *go on.*

102. "I think you're in trouble. Where you came from you were in trouble. *go on.*

103. "Sit down and tell us about it." *go on.*

104. Zvino iye akagara pasi. *dzefunde.*
 105. Akataura mhonodoro huru iyi zvese zvakange zvaitika. *dzefunde.*
 106. Achiombera nekutya, achiombera kukudza. *dzefunde.*
 107. Achitaurire zvese zvakange zvaitika. *dzefunde.*
 108. A! Mhondoro huru yakati, “Wasvika Kamhuka kasina guse. *dzefunde.*
 109. “Watambudzika chaizvo. *dzefunde.*
 110. “Hakuna munhu anotambudza kairi. *dzefunde.*
 111. “Munhu anotambudzika kamwe chete. *dzefunde.*
 112. “Kechipiri aka anofanira kuona rugaro rwake kubva dambudziko. *dzefunde.*

104. So he sat down. *go on.*
 105. He told the old lion everything that had happened. *go on.*
 106. He clapped his hands in fear, and he clapped his hands in respect. *go on.*
 107. He told him everything that had happened. *go on.*
 108. “Oh!” the old lion said, “You’ve arrived, Little animal without fur. *go on.*
 109. “You have really had your troubles! *go on.*
 110. “Noone should have to suffer twice! *go on.*
 111. “A person should only have to suffer once! *go on.*
 112. “The second time he should be saved from his troubles. *go on.*



113. “Saka wasvika Kamhuka kasina guse.
dzefunde.

114. “Tanga tichitsvaka munhu angatiitire basa guru chaizvo.
dzefunde.

115. “Basa ratiri kuda ngerekuti, unotiridzira tsuri dzedu dzekutitauria kuti mhuka dzaungana kuti tibaya nyama.”
dzefunde.

116. Zvino mhondoro huru iyi yakatuma dzimwe mhondoro diki dzese, zvikanzi, “Kasikai muende mundotema mapanga akawanda chaizvo, muvake dara, muise imba kaMhuka kasina guse pamusoro pedara ipapo, yakanaka, yakasimba.
dzefunde.

117. “Kamhuka kasina guse agopote achigara ipapo.”
dzefunde.

118. A! Zvino mhondoro dziya dzawamba zvino dzakatizira kuenda kundovaka.
dzefunde.

119. Dzikaenda kundotema mapango.
dzefunde.

120. Dzikaungano makavi.
dzefunde.

121. Dzikaunganidza zvese zvinodikanwa kuvaka imba.
dzefunde.

122. Dzakavaka imba iye.
dzefunde.

123. Aiwa nemusi mumwe chete, kushanda kwevanhu vakasimba.
dzefunde.

124. Zuva rakadoka idzo chichiti, “dzapedza.”
dzefunde.

125. Dzanama nemataka nemauswa.
dzefunde.

126. Dzichipfirira zvese ave imba chaiyi yakanaka.
dzefunde.

127. Zvikanzi, “A! chiisai danhiko.”
dzefunde.

128. Kamhuka kasina guse, zvikanzi, “Zvakanaka, tsuri yako iyi.
dzefunde.

129. “Wogara netsuri iyi.
dzefunde.

130. “Asi uri kuona bani iroo.
dzefunde.

131. “Ndo munogara mhuka dzatinodya isisu dzinouya kuzonwa mvura.
dzefunde.

132. “Zvino ukanga waona mhuka dzati ndekuzara mubani umomo,
dzefunde.

133. “Wotiridzira tsuri. Isusu tobuda todzibaya,

113. “So you’ve arrived, Little animal without fur.
go on.

114. “We were looking for someone to do a big job for us.
go on.

115. “The job we want is this, you will play on our flute to tell us when the animals have come together so we can get meat.”
go on.

116. So the old lion sent some young lions saying, “Hurry! Go get timber, a lot of it, and build a platform and on it a house for Little animal without fur, and make it good and strong.
go on.

117. “Little animal without fur will stay there.”
go on.

118. Oh! Now those young lions began to run to built the house.
go on.

119. They went to cut timber.
go on.

120. They went and got bark fibre.
go on.

121. They got together everything needed to build the house.
go on.

122. They built that house.
go on.

123. Imagine! They built it in one day, like powerful people!
go on.

124. The sun set, and it was finished!
go on.

125. They plastered it with mud and grass.
go on.

126. They thatched it and now he really had a nice house!
go on.

127. The old lion said, “Oh, put up the ladder.”
go on.

128. He said, “Little animal without fur, here is your flute.
go on.

129. “You stay with this flute.
go on.

130. “Now, you see that valley over there?
go on.

131. “That’s where animals we eat live and come to drink water.
go on.

132. “Now, when you see the animals coming and filling up the valley,
go on.

ndokuti tibaye inyore chaizvo. *dzefunde.*

134. “Asi kuridza kwacho hatikurairidza, unenge waziva kuridzawo. *dzefunde.*

135. “Asi toda kuti uridze zvakanaka.” *dzefunde.*

136. Saka akakwira pamusoro paye. *dzefunde.*

137. Mhondoro huru yakati, “Kamhuka kasina guse, *dzefunde.*

138. “Ndaa kubvisa madanhiko nekuti pane vamwe vangazouya vachikukwirira ipapo. *dzefunde.*

139. “Kana tauya tichida kutura newe tozoisa danhiko. *dzefunde.*

140. “Kana woda kuburuka wotidaidza tichikuisira madanhiko.” *dzefunde.*

141. Saka akabvisa danhiko akagara zvake mumba make. *dzefunde.*

142. Aa! Musi wokutanga kubvira kufa kwakaita vabereke vake akagara zvakanaka mumba make. *dzefunde.*

143. Akati, “Tionezvi zvaitika nhasi izvi.” *dzefunde.*

144. Zvino akagara fumerei ramangwana *dzefunde.*

145. Akati, “A! Regai ndimboona mhuka dzaitaurwa dziya idzi.” *dzefunde.*

146. Akamuka mangwanani akaona, aa hamuna neyi nemhuka dzese mubani woye! *dzefunde.*

147. Akagara zvake. *dzefunde.*

148. Akasimuka kuti akatarisa kudai izvi “O”. *dzefunde.*

149. Akaona bani rati vata nemhuka dzisingataurike kuwanda. *dzefunde.*

150. Zvino ndopakatanga kuridza tsuri yake iye. *dzefunde.*

151. Achidzidziswa nemidzimu yake. *dzefunde.*

152. Tsuri yake yairire ichiti,

133. “You sound the flute for us, and we will come out and kill them, killing is easy for us. *go on.*

134. “But we can’t play a flute, and you can. *go on.*

135. “But we want you to play it very well!” *go on.*

136. So he climbed up on top. *go on.*

137. The old lion said, “Little animal without fur, *go on.*

138. “I’m taking away the ladder so anyone else coming can’t climb up there. *go on.*

139. “When we come to talk with you we will put the ladder up again. *go on.*

140. “If you want to get down, call us and we will put the ladder up for you.” *go on.*

141. So he took the ladder away and there the boy remained in his house. *go on.*

142. Oh, this was the first day from the time his parents died that that boy was in his own house. *go on.*

143. He said, “What a day this has been!” *go on.*

144. Now he stayed there until early the next morning. *go on.*

145. He said, “Oh, let me see the animals I was told about.” *go on.*

146. He got up in the morning and looked out, but there were no animals in the valley. *go on.*

147. He waited. *go on.*

148. He got up again and looked out like this, “O-o-oh.” *go on.*

149. He saw the valley so full of animals you can’t describe it! *go on.*

150. Now he started to play his flute, *go on.*

151. As he was taught by his ancestral spirits. *go on.*

152. The flute sounded like this:





Hunzanza murira
 Terekede
Hunzanza murira
 Terekede
Hunzanza murira

Hunzanza murira
 Terekede
Hunzanza murira
 Terekede
Hunzanza murira

153. Aaa! Kuti terekede terekede kuri kuitwa ukoko.
dzefunde.

154. Imhondoro dziri kubvukanisa mhuka kudziu-
 raya. *dzefunde.*

155. Akaregera zvake. *dzefunde.*

156. Ndokubva mhondoro dziye dzabaya chaizvo!
dzefunde.

157. Asi akaona kuti pakange aregera kuridza tsviri
 yake. *dzefunde.*

153. Oh! It made that sound, "Terekede, terekede."
go on.

154. The lions plunged into the animals killing
 them. *go on.*

155. The boy stopped playing. *go on.*

156. The lions were still killing the animals.
go on.

157. But they saw that his flute had stopped.
go on.

158 .Mhondoro dzakamirawo kudai izvi O!
dzefunde.

159. Ndokubva avamba zvekare kuridza,

| | |
|------------------------|------------------------|
| <i>Hunzanza murira</i> | Terekede |
| <i>Hunzanza murira</i> | Terekede |
| Hekani kana keduwe | <i>Hunzanza murira</i> |
| Kamhuka kasina guse | <i>Hunzanza murira</i> |
| Tsuri yako kuririsa | <i>Hunzanza murira</i> |
| Yodana vari kurefu | <i>Hunzanza murira</i> |
| Terekede | <i>Hunzanza murira</i> |
| Terekede | <i>Hunzanza murira</i> |
| Terekede, terekede | <i>Hunzanza murira</i> |

160. Dzakabaya mhuka zhinji kwazvo. *dzefunde.*

161. A! Dzabva dzatakura mhuka imwe chete.
dzefunde.

162. Mhondoro huru yauya nayo. *dzefunde.*

163. Svicei pasi padara. *dzefunde.*

164. Zvakanzi, “Mhuka kasina guse, *dzefunde.*

165. “Nyama yako iye.” *dzefunde.*

166. A! zvino akati, “Vasekuru, handina cheku-
vhiyisa. *dzefunde.*

167. Ndivhiyeyi nyama yangu iyoyo.” *dzefunde.*

168. Zvikanzi, “A! Isu hatigoni kuvhiyisa. Tinonga
tsemura nepakati. *dzefunde.*

169. Wozatora nyama yaunoda kudya nemukati
macho.” *dzefunde.*

170. Aa! Akatora nyama iye. *dzefunde.*

171. Akadya. *dzefunde.*

172. Asi chanetsa ndechekuti akanga asina moto.
dzefunde.

173. Asina banga saka akadya nyama iyoyo mbishi.
dzefunde.

174. Aa! Aiwa zviri nani zvakanaka kupinda nzara.
dzefunde.

175. Zvino akadya hake. *dzefunde.*

176. Remangwana, *dzefunde.*

177. Zvakaitika chaizvozvo. *dzefunde.*

158. The lions also stopped like this, “Oh.”
go on.

159. So he started to play again:

| | |
|----------------------------|------------------------|
| <i>Hunzanza murira</i> | Terekede |
| <i>Hunzanza murira</i> | Terekede |
| Oh, our little creature | <i>Hunzanza murira</i> |
| Little animal without fur | <i>Hunzanza murira</i> |
| Play clearly on your flute | <i>Hunzanza murira</i> |
| And call us from afar | <i>Hunzanza murira</i> |
| Terekede | <i>Hunzanza murira</i> |
| Terekede | <i>Hunzanza murira</i> |
| Terekede, terekede | <i>Hunzanza murira</i> |

160. They killed many animals. *go on.*

161. Oh, they took one of the animals. *go on.*

162. The elder lion came with it. *go on.*

163. He came close to the house up on the platform.

go on.

164. He said, “Little animal without fur, *go on.*

165. “This is your meat.” *go on.*

166. Oh, now the boy said, “Grandfather, I don’t
have anything to skin it with! *go on.*

167. “Please skin my meat for me.” *go on.*

168. The elder lion said, “Oh, we don’t know how to
skin it. We just tear it out from the middle. *go on.*

169. “Then we take out the meat we like from the
middle.” *go on.*

170. Ah! The boy took that meat. *go on.*

171. He ate it. *go on.*

172. But it was difficult since he didn’t have any
fire. *go on.*

173. He had no knife, so he ate the meat raw.
go on.

174. Oh, it’s a lot better than going hungry!
go on.

175. So he just ate it. *go on.*

176. The next morning, *go on.*

177. It happened again just like that. *go on.*



178. Mhuka zhinji dzakauya mubani muye futi.
dzefunde.

178. Many animals came again into that valley.
go on.

179. Akawamba zvekare

179. And he began again:

Gutetete gutetete tegade

Hunzanza murira

Terekede

Hunzanza murira

Hekani kana keduwe *Hunzanza murira*

Kamhuka kasina guse *Hunzanza murira*

Tsuri yako kuririsa *Hunzanza murira*

Yodana vari kurefu *Hunzanza murira*

Terekede *Hunzanza murira*

Terekede *Hunzanza murira*

Terekede, terekede *Hunzanza murira*

Gutetete gutetete tegade

Hunzanza murira

Terekede

Hunzanza murira

Oh, our little creature *Hunzanza murira*

Little animal without fur *Hunzanza murira*

Play clearly on your flute *Hunzanza murira*

And call us from afar *Hunzanza murira*

Terekede *Hunzanza murira*

Terekede *Hunzanza murira*

Terekede, terekede *Hunzanza murira*

180. A! Akaramba achiridza. *dzefunde.*

180. Oh, He continued to play. *go on.*

181. Mhondoro handisingaba rekuti dziuraye.

181. And those lions were really killing.

| | | | |
|---|------------------|---|---------------|
| | <i>dzefunde.</i> | | <i>go on.</i> |
| 182. Dzakanatsa kuuraya pazvaida. | <i>dzefunde.</i> | 182. They just killed whatever they wanted. | <i>go on.</i> |
| 183. Dzakamutakurira dzikamuunzira zvanyama. | | 183. And they took and brought meat to him. | |
| <i>dzefunde.</i> | | <i>go on.</i> | |
| 184. Zvino ndopaukazoti iye, | <i>dzefunde.</i> | 184. And with that the boy said, | <i>go on.</i> |
| 185. “Aa! Sekuru.” | <i>dzefunde.</i> | 185. “Oh, Grandfather.” | <i>go on.</i> |
| 186. Zvikanzi, “Hwe, Muzukuru.” | <i>dzefunde.</i> | 186. The old lion said, “Yes, Grandson.” | <i>go on.</i> |
| 187. Zvikanzi, “Nyama murikundipa zvangu.” | | 187. He said, “This meat you give me.” | |
| | <i>dzefunde.</i> | | <i>go on.</i> |
| 188. Zvikanzi, “Koo?” | <i>dzefunde.</i> | 188. He answered, “So?” | <i>go on.</i> |
| 189. Zvikanzi, “Isisu, tinonzi vanhu, hatidye nyama mbishi. | <i>dzefunde.</i> | 189. He said, We people, we don’t eat meat raw. | |
| | | | <i>go on.</i> |
| 190. “Tinodya nyama yakagochwa. | <i>dzefunde.</i> | 190. “We eat cooked meat. | <i>go on.</i> |
| 191. “Zvino, Vasekuru, ndinoziva imimi. | | 191. “Now, Grandfather, I’ve been learning about you. | <i>go on.</i> |
| | <i>dzefunde.</i> | | |
| 192. “Ndaona simba renyu iguru kwazvo. | | 192. “I’ve seen what great power you’ve got. | |
| | <i>dzefunde.</i> | | <i>go on.</i> |
| 193. “Munokwanisa kuenda kwesekwese. | | 193. “You can go anywhere. | |
| | <i>dzefunde.</i> | | <i>go on.</i> |
| 194. “Muchindonditsvakirira moto. | <i>dzefunde.</i> | 194. “Maybe you could find me some fire. | <i>go on.</i> |
| 195. “Muchindonditsvakira mapanga. | <i>dzefunde.</i> | 195. “Maybe you could find me a knife. | <i>go on.</i> |
| 196. “Muchindonditsvakira hari.” | <i>dzefunde.</i> | 196. “Maybe you could find me a pot.” | <i>go on.</i> |
| 197. “Zvakanaka. Aaa, wataura zvakanaka. | | 197. “Very good! Oh, you’ve done well, | |
| | <i>dzefunde.</i> | | <i>go on.</i> |
| 198. “Kamhuka kasina guse tinokutsvakira zvese zvaunoda. | <i>dzefunde.</i> | 198. “Little animal without fur, we will find you everything you want. | <i>go on.</i> |
| 199. “Uri munhu akanaka unotaura. | <i>dzefunde.</i> | 199. “You’re a good boy to speak up | <i>go on.</i> |
| 200. “Paunozonga wakungodira. | <i>dzefunde.</i> | 200. “About what you need.” | <i>go on.</i> |
| 201. Saka mhondoro dzakatuma zviru zvimhondoro zvidiki | <i>dzefunde.</i> | 201. So the old lion sent out the young lions | |
| | | | <i>go on.</i> |
| 202. Kuenda kure kwakange kune misha yevanhu. | | 202. To go far off where people had their villages. | |
| | <i>dzefunde.</i> | | <i>go on.</i> |
| 203. Dzakaenda ukoko, dzikandovhundutsa vanhu vakange vari muminda. | <i>dzefunde.</i> | 203. They went there, and they scared away the people who were in the fields. | <i>go on.</i> |
| 204. Dzichitora hari dzakanga dzirimo dzaibikirwa manhanga. | <i>dzefunde.</i> | 204. The lions took the pots in which they had been cooking pumpkin, | <i>go on.</i> |
| 205. Nezvipanga zvakanga zvasiyiwa nevanhu nakanga navhunduka. | <i>dzefunde.</i> | 205. And the knives that they had left there when they had been scared away. | <i>go on.</i> |

206. Dzichibva dzatora chitsiga chemoto.

dzefunde.

207. Zvichibva zvauya zvese, aaa, moto waapo.

dzefunde.

208. Zvino zvanga zviri nyore kukuhwa moto mudara make.

dzefunde.

209. Saka vakamukwedzira nekuti makanga makaiswa ivhu.

dzefunde.

210. Vakamukwidzira hari dzake.

dzefunde.

211. Vese vakaita majanha.

dzefunde.

212. Ekupota vachimuigira mvura.

dzefunde.

213. Zvakaitika kwenguva zhinji izvozvi.

dzefunde.

214. Mhuka dzichaurayiwa nyama achipiwa achi-gara zvakanaka.

dzefunde.

215. Asi vakazoti neimwe nguva,

dzefunde.

216. Mhondoro huru yakaringisa kudai izvi.

dzefunde.

206. And they even took a piece of burning firewood from the fire.

go on.

207. And so they brought everything. Even the fire was there!

go on.

208. Now it was easy to kindle a fire in his house up on the platform.

go on.

209. So he brought it up there since it had an earth floor.

go on.

210. They lifted up his pots to him.

go on.

211. They each took turns

go on.

212. Going to fetch water for him.

go on.

213. It went on like this for a long time.

go on.

214. The animals were killed, he was given meat, and he lived well.

go on.

215. And then one day

go on.

216. The old lion looked at the boy in a curious way

go on.



217. Zvikanzi, “Aa! Kamhuka kasina gushe,
dzefunde.

218. “Asi wekumera makushe semhondoro!”
dzefunde.

219. Zvikanzi, “Kwete, Vasekuru, kumusha kwedu,
kana takura, tinomera makushe akadai.”
dzefunde.

220. Zvikanzi, “Ndoo kutaura kutii?”
dzefunde.

221. Zvikanzi, “Ndokutaura kuti ndava murume,
Vasekuru.” *dzefunde.*

222. Zvikanzi, “Kuti ‘ndava murume’ ndokuti ku-
dii?” *dzefunde.*

223. Zvikanzi, “Dai ndanga ndiri kumusha ndinga-
dai ndaa kutsvakirwa mukadzi wekuroora.
dzefunde.

224. Zvikanzi, “Aa, zvakanaka, Kamhuka kasina
guse, *dzefunde.*

217. And he said, “Oh, Little animal without fur,
go on.

218. You’re starting to grow fur like a lion!”
go on.

219. The boy said, “No, Grandfather, at home, when
we grow up, we start growing a little beard like this.
go on.

220. And the old lion said, “And what does that
mean?” *go on.*

221. The boys said, “It means that now I’m a man,
Grandfather.” *go on.*

222. The old lion said, “And what does it mean,
‘Now I’m a man’?” *go on.*

223. The boy said, “If I were at home they would
look for a wife for me.
go on.

224. The old lion said, “Oh, very good, Little animal
without fur *go on.*



225. “Unoda mukadzi akaita sei?”

dzefunde.

226. Aa! Otaura, “Ndinodawo mutsvuku kangona-kirirawo,

dzefunde.

227. “Ane maziso matema anoenda enda,

dzefunde.

228. “Ane meno machena anenge mwedzi wejena guru,

dzefunde.

229. “Zvese izvo!”

dzefunde.

230. Kwatumwa zvimhondoro zvidiki zvikamhanya zvakaenda kundotsvaka musikana iyeyo sesimba remhondoro.

dzefunde.

231. Musikana akange ataurwa kunzi ndiye anodikanwa akabva aendamo.

dzefunde.

232. Panguva yekuti mhondoro azokuda kusvika kutsime.

dzefunde.

233. Dzakabva azosangana naye patsime ipapo.

dzefunde.

234. Dzikabva dzitakura musikana iyeyo nechirongo chake.

dzefunde.

235. Dzikabva dzaenda naye pana Kamhuka kasina guse.

dzefunde.

236. A! Akachema kwazvo, mwana iyeyo!

dzefunde.

237. Akatambudzika, idzo dzikaenda naye chete.

dzefunde.

238. Dzakangoendekana dzasvika.

dzefunde.

239. Zvikanzi, “Kamhuka kasina guse,

dzefunde.

240. “Taunza munhu wako awataura uyu, mukadzi wako.”

dzefunde.

241. A! Kamhuka kasina guse akadzika.

dzefunde.

242. Mhondoro huru yakange iripo.

dzefunde.

243. Akatenda kwazvo! Akawomera chaizvo!

dzefunde.

244. A! Mukadzi wake akakwira ipapo vakagara vese.

dzefunde.

225. “What kind of wife would like you to have?”

go on.

226. Oh, now he began to describe her, “I would like her with a lovely light complexion,

go on.

227. “With black eyes that glance this way and that,

go on.

228. “With her teeth as white as the new moon,

go on.

229. “Just like that!”

go on.

230. So the young lions were sent running to look for just the girl with all their strength as lions.

go on.

231. A girl like the one the boy described was just then going into the forest.

go on.

232. At that very time the lions reached the well.

go on.

233. So they met at that well.

go on.

234. So the lions took the girl along with her water pots.

go on.

235. They brought her to the Little animal without fur.

go on.

236. Oh, that child, she really cried.

go on.

237. She was really disturbed, but she was just taken along like that.

go on.

238. They went like that until they reached there.

go on.

239. The young lions said, “Little animal without fur,

go on.

240. “We have brought the person you described, your wife.”

go on.

241. Oh, Little animal without fur climbed down.

go on.

242. The Old lion was there.

go on.

243. Oh, he thanked the Old lion very much. He clapped his hands in gratitude.

go on.

244. Oh, his wife climbed up to his place, and they lived there together.

go on.



245. Asi iye airamba chiridza tsvi yake. *dzefunde.*

246. Achiridza tsvi yake mhondoro dzichiuraya
dzichimuigirawo nyama. *dzefunde.*

247. A! Zvino akazoti ane vana. *dzefunde.*

248. Zvikanzi, “Vasekuru, *dzefunde.*

249. “Chinonetsa ndechekuti vana vangu ava vano-
shaya vekutamba naye, *dzefunde.*

250. “Ngekuti kwedu uku kana vana vadiki vaber-
ekwa, *dzefunde.*

251. “Vanoti wewere wewere paruvanze,
dzefunde.

245. But he kept on playing his flute. *go on.*

246. He played his flute, the lions killed and brought
him meat. *go on.*

247. After awhile he had children. *go on.*

248. And he said, “Grandfather, *go on.*

249. “What troubles me is my children don’t have
anyone to play with. *go on.*

250. “Because at home when little children are born.
go on.

251. “They like to run about outside around the
house, *go on.*

252. “Vachitamba vaachifara nevamwe vavo.”
dzefunde.

253. A! Mhondoro dzakati, “Zvino wanga wafunga kutii, Kamhuka kasina guse?”
dzefunde.

254. Zvikanzi, “A! Ndanga taurawo, Vasekuru.”
dzefunde.

255. “Hapana chandiri kutaura kuti mundiitire.”
dzefunde.

256. “Kwete, kungotaurawo.”
dzefunde.

257. A! Zvino mhondoro dziye dzikaenda.
dzefunde.

258. Dzakatumba ndiki, dzikandotore vanhu vashoma.
dzefunde.

259. Vakauya vakagara ipapo vakamutenderedza.
dzefunde.

260. Zvanzi nemhondoro, “Zvino hona, Kamhuka kasina guse,”
dzefunde.

261. “Kuno kuva nevanhu. Hatidi kuvatyisa.”
dzefunde.

262. “Taakugara tiri zasi kwebani uko.”
dzefunde.

263. “Ukanze wairidza tsviri yako tinongobaya hedu mhuka uko.”
dzefunde.

264. “Totora dzedu tobuda musango.”
dzefunde.

252. “Playing happily with others.” *go on.*

253. “Oh,” the Old lion said, “So what were you thinking about doing, Little animal without fur?”
go on.

254. He said, “Oh, I was just talking, Grandfather,”
go on.

255. “There wasn’t anything I meant for you to do for me.”
go on.

256. No, I was just talking.” *go on.*

257. Oh, now the Old lion went away.
go on.

258. He sent the young lions to bring some more people.
go on.

259. They came and settled around the place he lived.
go on.

260. The Old lion said, “Now look, Little animal without fur,”
go on.

261. “There are people here. We don’t want to scare them.”
go on.

262. “So we will stay below the valley over there.”
go on.

263. “When you play your flute we will kill the animals over there.”
go on.

264. “We will take our meat and go away from the forest.”
go on.



265. “Iwe zvawa ane vanhu vako ava. *dzefunde.*

266. “Unovatuma vachizatora nyama yatinenge
taaipa. *dzefunde.*

267. “Ndiyo yani? Yenyu nevanhu vako.”
dzefunde.

268. Aridza tsuri yake vachindova. *dzefunde.*

269. A! Mhondoro dzichiuraya . *dzefunde.*

270. Vanhu vake vachindatora nyama. *dzefunde.*

271. Vakadya, vakafara. *dzefunde.*

272. Zvino vamwe vavo vakange vauya ava.
dzefunde.

273. Vakaita dzekumbodzokerewo kumusha kwa-
vanga vabva *dzefunde.*

274. Kwakanga vabiswa nemhondoro kuti vambon-
dokuona. *dzefunde.*

275. Vakasvika vakataura kuti, “A! Tiri munyika
yakafaranuka! *dzefunde.*

276. “Nyika yakasungwa nembariro, *dzefunde.*

277. “Mbariro dzemhondoro! *dzefunde.*

278. “Hatina chatinotya. *dzefunde.*

279. “Hatina chatinoshaya. *dzefunde.*

280. “Hatiite mabasa. *dzefunde.*

281. “Takazvigarira pautekeshere.
dzefunde.

282. “Hwakanakisa pemaro!” *dzefunde.*

283. Zvino, A! Vamwe vakati, *dzefunde.*

284. “Inga tiri kurasikirwa kwazvo isisu.” *dzefunde.*

285. Vese vakauya vari kumusha kuye. *dzefunde.*

286. Vazhinji vakabidinuka vese
dzefunde.

287. Kuteera kamunhu kaye, Kamhuka kasina
gushe. *dzefunde.*

288. Vakasvika vakati, “A! *dzefunde.*

289. “Inga hamuna kutitaurira kuti ndiye mwana
atakadzinga uya!” *dzefunde.*

290. Zvikanzi, “A! Paachisiri mwana amakadzinga.
dzefunde.

291. “Ndiye Mambo!” *dzefunde.*

265. “You have your people here. *go on.*

266. “Send them to take the meat we have left for
you. *go on.*

267. “Who is it for? For you and your people.”
go on.

268. So he played his flute that he had. *go on.*

269. Oh, the lions made a big killing. *go on.*

270. His people went and brought the meat. *go on.*

271. They ate and were happy. *go on.*

272. Now some of the people who were brought
there. *go on.*

273. They went back to the village from which they
were taken. *go on.*

274. From where they were taken by the lions, just
to go and visit. *go on.*

275. They arrived and said, “Oh, we are in a very
wonderful country! *go on.*

276. “A country surrounded by a wall. *go on.*

277. “A wall of lions! *go on.*

278. “There’s nothing we’re afraid of. *go on.*

279. “There’s nothing we lack. *go on.*

280. “We don’t have to work. *go on.*

281. “We have settled ourselves over a large area.
go on.

282. “It’s a wonderful place!” *go on.*

283. Now, others started saying, *go on.*

284. “Looks like we’re missing out!” *go on.*

285. Everybody from that village came. *go on.*

286. Many from the whole countryside came there.
go on.

287. To follow the little man, the Animal without fur.
go on.

288. When they arrived they said, *go on.*

289. “You didn’t tell us that this is the little boy we
drove away long ago! *go on.*

290. But they said, “This is not the boy you drove
away. *go on.*

291. “He is the king!” *go on.*



292. A! akabva anzi Mambo Kamhuka kasina gushe.
dzefunde.

293. Zvino vanhu vakavamba kugara iko semagariro
evanhu vese. *dzefunde.*

294. Vakarima. *dzefunde.*

295. Masango akanga achiri kunaka. *dzefunde.*

296. Asina akanga ati aarima. *dzefunde.*

297. Vakaona zviyo zvakawanda. *dzefunde.*

298. Nzungu dzakawanda. *dzefunde.*

299. Zvibake zvakawanda. *dzefunde.*

300. Aiwa, handi upenyu hwakanaka kudaroba uhu!
dzefunde.

301. Kamhuka kasina gushe akafara samambo ndava
akanga ari mambo. *dzefunde.*

302. Ane umambo hwakasungwa nemhondoro.
dzefunde.

303. Dzamubatsira kutonga nyika yake.
dzefunde.

304. Aizotsautsira mutemo aingoona mhondoro
dzefunde.

305. Yapadyo ichimuvhundutswira apo
dzefunde.

292. Oh, he was called King Little animal without
fur. *go on.*

293. Now the people began to live there like people
do everywhere. *go on.*

294. They cultivated their fields *go on.*

295. It was a wonderful forest. *go on.*

296. There wasn't anything that didn't grow. *go on.*

297. They grew a lot of millet. *go on.*

298. They grew a lot of groundnuts. *go on.*

299. They grew a lot of maize. *go on.*

300. No, you can't imagine any life better than they
had there! *go on.*

301. Little animal without fur was happy to be a
king. *go on.*

302. He had a kingdom that was surrounded by the
lions. *go on.*

303. The lions helped him govern his country.
go on.

304. Anyone who went out of line with the law, he
would see the lions. *go on.*

305. The lions were near to scare him into line.
go on.



306. Aizoita zvisingadekanwe naKamhuka kasina
gushe aingoona mhondoro yapapa kumuvhundutsira
apo. *dzefunde.*

307. Vakagara munyika yavo yakanaka. *dzefunde.*

308. Vakasangwa netsika yemhondoro.
dzefunde.

309. Ndipo nyaya yaMhuka kasina gushe.

306. Anyone who did anything that the Little ani-
mal without fur did not like, he would see the lions
nearby and would be afraid. *go on.*

307. They lived in their country very well. *go on.*

308. They were bound by the law of the lions.
go on.

309. That is the story of the Little animal without
fur.